

**HAITIAN CREOLE EDITION
MATHEMATICS A
WEDNESDAY, JUNE 19TH 2002
1:15 P.M. TO 4:15 P.M.**

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

MATEMATIK A

Mèkredi, 19 jen 2002 – 1:15 pou 4:15 p.m. sèlman

Ekri non ou ak lèt enprimri:

Ekri non lekòl ou ak lèt enprimri:

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprimri nan espas ki anwo yo. Epi ale nan dènye paj liv sa a, ki se fèy repons pou Pati I an. Pliye fèy repons lan nan liy ki pwentiye a epi detache li dousman, ak anpil prekosyon. Apre sa, bay enfòmasyon yo mande yo nan fèy repons lan.

Ou pa gen dwa sèvi ak papye bouyon pou okenn pati egzamen sa a, men ou ka sèvi ak espas vid nan liv egzamen an kòm bouyon. Genyen yon fèy papye kadriye nan fen liv egzamen an. Ou kapab itilize li pou ou trase graf lè ou panse yon graf kapab ede ou reponn yon kesyon, menm si kesyon an pa egzije pou ou trase yon graf. Yo p ap bay nòt pou okenn travay ou fè sou papye bouyon kadriye sa a. Ou dwe sèvi ak plim pou ekri tout travay ou yo. Ou dwe sèvi ak kreyon pou ou fè graf ak desen yo.

Egzamen sa a ki gen 35 kesyon antou gen kat pati ladan I. Ou dwe reponn tout kesyon ki nan egzamen sa a. Ekri repons pou kesyon chwa miltip ki nan Pati I an nan fèy repons detache a. Ekri repons pou Pati II, Pati III, Pati IV nan liv egzamen an. Montre tout etap ou suiv pou ou jwenn repons ou yo, tankou aplikasyon fòmil ki apwopriye, dyagram, graf, tablo, eksetera.

Lè ou fin fè egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki anba fèy repons lan. Deklarasyon ou siyen an vle di ou pa t genyen kesyon yo ak repons yo alavans ilegalman, ou pa t bay poul, ou pa t pran poul nan egzamen an. Nou p ap pran fèy repons lan nan men w si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Atansyon...

Ou dwe genyen kalkilatris syantifik, règ, ak konpa ki disponib pou ou pandan egzamen an.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a. Y ap ba ou 2 pwen pou chak kesyon ou jwenn. Si ou pa jwenn yon kesyon nèt, yo p ap ba w pwen pou li. Ekri repons ou yo nan espas yo bay nan fèy repons lan. [40]


- 1 Janèt gen 5 ane anplis Alis. Jwenn laj Janèt si sòm laj yo se 19.

**Itilize espas sa a
pou fè operasyon yo.**

- 2 Ki pwobabilite ki genyen pou lapli *pa* tonbe jedi si pwobabilite pou lapli tonbe jedi se $\frac{5}{6}$?

- 3 Nan dyagram ki anba a, yo montre rezulta yon etid. Nan etid sa a, yo mande manm yon klib pou yo di ki kalite espò yo gade nan televizyon.

Espò yo gade nan Televizyon



Kilès nan deklarasyon sa yo ki vre?

- I Tenis se espò yo gade plis nan televizyon.
II Bezbòl se espò yo gade mwens nan televizyon
III Manm nan klib la plis gade tenis pase yo gade foutbòl

- | | |
|----------------|-----------------------|
| (1) I, sèlman | (3) I ak II, sèlman |
| (2) II, sèlman | (4) II ak III, sèlman |

9 Kilès nan lèt sa yo ki gen simetri pa rapò ak yon pwen?

- (1) A
(2) B

- (3) H
(4) W

Itilize espas sa a
pou fè operasyon yo.


10 Si de dwat paralèl epi pant youn ladan yo se m , jwenn pwodui pant yo.

- (1) 1
(2) $2m$
(3) m^2
(4) 0


11 Kilès nan nomm sa yo ki se yon nomm irasyonèl?

- (1) 0
(2) π
(3) $-\frac{1}{3}$
(4) $\sqrt{9}$


12 Si pwen P sou dwat ℓ , kilès nan dyagram ki anba yo ki reprezante lye
jeometrik pwen ki a 3 santimèt distans ak pwen P ?




(1)



(3)



(2)



(4)

13 Konbyen degre chak ang eksteryè yon egzagòn regilye mezire?

- | | |
|--------|---------|
| (1) 45 | (3) 120 |
| (2) 60 | (4) 135 |

**Itilize espas sa a
pou fè operasyon yo.**


14 Jwenn solisyon ekwasyon sa a: $3y - 5y + 10 = 36$

- | | |
|---------|---------|
| (1) -13 | (3) 4.5 |
| (2) 2 | (4) 13 |

15 Si yo double sikonferans yon sèk, dyamèt sèk la

- | | |
|----------------------|---------------------|
| (1) rete menm jan an | (3) miltipliye pa 4 |
| (2) vin gen 2 anplis | (4) double |

16 Nan dyagram ki anba a, ΔABC sanblab ak $\Delta A'B'C'$ men li pa egal ak li.



Kilès nan transfòmasyon sa yo $\Delta A'B'C'$ reprezante?

- | | |
|-----------------|----------------|
| (1) wotasyon | (3) refleksyon |
| (2) translasyon | (4) dilatasyon |

17 Lè ou senplifye espresyon sa a: $15 - 3[2 + 6(-3)]$, ou jwenn

- | | |
|---------|---------|
| (1) -45 | (3) 63 |
| (2) -33 | (4) 192 |

18 Lè ou senplifye espresyon $\sqrt{90} \cdot \sqrt{40} - \sqrt{8} \cdot \sqrt{18}$ ou jwenn


- | | |
|----------|-----------|
| (1) 22.9 | (3) 864 |
| (2) 48 | (4) 3,456 |

Itilize espas sa a
pou fè operasyon yo.

19 Si $x = 2a - b^2$, alò a egal

- | | |
|-----------------------|-----------------------|
| (1) $\frac{x-b^2}{2}$ | (3) $\frac{b^2-x}{2}$ |
| (2) $\frac{x+b^2}{2}$ | (4) $x+b^2$ |

20 Ki kalite graf dyagram ki anba a reprezante?



-
- | | |
|--------------------------|----------------------------|
| (1) graf ba | (3) istogram |
| (2) graf "stem-and-leaf" | (4) graf "box-and-whisker" |

Pati II

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a. Y ap ba ou 2 pwen pou chak kesyon ou jwenn. Montre tout sa ou fè pou ou jwenn repons yo tankou aplikasyon fòmil ki apwopriye, dyagram, graf, tablo, eksetera. Pou tout kesyon ki nan pati sa a, y ap ba ou 1 pwen sèlman si ou annik bay yon repons nimerik ki kòrèk san ou pa montre ki sa ou fè pou ou jwenn repons lan. [10]

21 Si deklarasyon “Jera pa bèl gason” vre, epi deklarasyon “Jera bèl gason oubyen li entelijan” fo, jwenn valè verite deklarasyon “Jera entelijan”.


22 Katrevendis pou san elèv nevyèm ane nan yon lekòl segondè pran aljèb. Si 180 elèv nan nevyèm ane pran aljèb, konbyen elèv nan nevyèm ane ki *pa* pran aljèb?

- 23 Si resèt pou kuit yon kodenn di konsa “Woti kodenn lan a 325° pandan 20 minit pa liv”, konbyen *èdtan* sa ap pran pou kuit yon kodenn ki peze 20 liv a tanperati sa a?

- 24 Tablo ki anba a se yon tablo adisyon pou souzansanm nonm reyèl yo. Kilès nan nonm yo ki se eleman idantite a? Esplike repons ou an.

+	0	1	2	3
0	0	1	2	3
1	1	2	3	4
2	2	3	4	0
3	3	4	0	1


25 Ekri ekwasyon dwat yo montre nan graf ki anba a. Esplike repons ou an.




Pati III

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a. Y ap ba ou 3 pwen pou chak kesyon ou jwenn. Montre tout sa ou fè pou ou jwenn repons yo tankou aplikasyon fòmil ki apwopriye, dyagram, graf, tablo, eksetera. Pou tout kesyon ki nan pati sa a, y ap ba ou 1 pwen sèlman si ou annik bay yon repons nimerik ki kòrèk san ou pa montre ki sa ou fè pou ou jwenn repons lan. [15]

- 26 Nan dyagram ki anba a, yo montre Ri Walnut ki rankontre 2 Ri paralèl: Ri Elm ak Ri Oak. Jwenn konbyen degré ang egi entèsekson Ri Walnut ak Ri Elm fòme a mezire.



- 27 Perimèt teren yo montre nan dyagram ki anba a mezire 34 yad. Jwenn longè chak kote nan figi a epi sèvi ak yad pou esprime longè yo. Èske longè sa yo ka vreman reprezante mezi kote yon triyant? Eslike repons ou bay la.




- 28 Dapre jan yo montre I nan dyagram ki anba a, estasyon radyo KMA ap ogmante reyon ekout li soti nan 40 mil rive nan 50 mil. Ki kantite mil kare zòn ekout estasyon radyo a ap genyen anplis a yon dizyèm pre?



29 Jwenn valè x : $x^2 + 3x - 28 = 0$

30 Nan dyagram ki anba a, triyang A ak triyang B sanblab. Jwenn valè n .




Pati IV

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a. Y ap ba ou 4 pwen pou chak kesyon ou jwenn. Montre tout sa ou fè pou ou jwenn repons yo tankou aplikasyon fòmil ki apwopriye, dyagram, graf, tablo, eksetera. Pou tout kesyon ki nan pati sa a, y ap ba ou 1 pwen sèlman si ou annik bay yon repons nimerik ki kòrèk san ou pa montre ki sa ou fè pou ou jwenn repons lan.

[20]

- 31 Dapre jan yo montre l nan dyagram ki anba a, yon moun kapab soti nan vil Nouyòk pou li ale Boufalo si li ale 170 mil nan direksyon nò k ap mennen li Albani epi li ale 280 mil nan direksyon lwès pou li rive Boufalo.




a Yon enjenyè vle fè yon otowout dwat ki konekte Nouyòk ak Boufalo.

Jwenn nan ki ang x li dwe konstwi otowout la. "Esprime ang la *an degre ki pi pre a.*"

b Ki distans ou t ap ekonomize, *an mil ki pi pre a*, si ou fè wout dirèk ki soti nan vil Nouyòk rive nan Boufalo a olye ou pase Albani anvan pou w ale Boufalo?

32 Nan konpayi lokasyon Roje a, yon moun kapab lwe yon gwo televizyon pou \$10 pa mwa men ou dwe peye \$100 lè ou siyen kontra a. Nan konpayi Joslin lan li menm, ou ap peye \$20 pa mwa epi w ap peye \$20 pou yo delivre 1 ba ou, men yo pa fè w peye okenn lòt kòb lè w siyen kontra a.


- a Si c se pri ou peye a, ekri yon ekwasyon ki reprezante pri pou lwe pandan m mwa nan konpayi Ron lan ak yon ekwasyon ki reprezante pri ou peye pou lwe pandan m mwa nan konpayi Josie a.
- b Nan papye kadriye ki anba a, trase koub *chak* ekwasyon yo epi ba yo chak yon non.
- c Sèvi ak koub ou trase yo pou detèmine nan ki mwa pri a ap menm nan tou de konpayi yo.




33 Samyèl gen yon magazen tenis. Li achte 350 pè tenis baskètbòl ak 150 pè tenis foutbòl nan yon faktori pou \$62,500. Li vann tout tenis yo epi li fè yon pwofit 25%. Si li vann chak pè tenis foutbòl \$130, konbyen kòb li te vann yon pè tenis baskètbòl?

34 Bous Albè a genyen kat biyè \$1, twa biyè \$5, ak yon biyè \$10 ladan l. Si Albè wete de biyè oaza san li pa mete yo anndan bous la ankò, detèmine si pwobabilite pou biyè li wete yo vo \$15 antou plis pase pwobabilite pou biyè yo vo \$2 antou.

- 35 Yo tire yon fize anlè apati yon pozisyon sou sifas tè a. Nan menm moman an, yo tire yon siyal detrès apati yon pozisyon ki gen yon wotè 10 m. Ekwasyon $y = -x^2 + 10x$ reprezante trajekta parabolik fize a epi ekwasyon $y = -x + 10$ reprezante trajekta lineyè siyal detrès la. Sèvi ak sistèm aks ki anba a pou ou trase graf ekwasyon ki reprezante trajekta fize a ak ekwasyon ki reprezante siyal detrès la, epi jwenn kowòdone youn oswa plizyè pwen kote trajekta sa yo rankontre.



Papye bouyon Yo pap korije fèy sa a.



The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

MATEMATIK A

Mèkredi, 19 jen 2002 – 1:15 pou 4:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Elèv Sèks: Gason Fi Ane

Pwofesè Lekòl

Ou dwe ekri repons pou Pati I an sou fèy repons sa a.

Pati I

Reponn tout 20 kesyon ki nan pati sa a.

1	6	11	16
2	7	12	17
3	8	13	18
4	9	14	19
5	10	15	20

Ekri repons pou kesyon ki nan Pati II, Pati III ak Pati IV nan liv egzamen an.

Ou dwe siyen deklarasyon sa a lè ou fin fè egzamen an.

Mwen fini pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen kesyon yo ak repons yo alavans ilegalman. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

Siyati

MATHEMATICS A			
Question	Maximum Credit	Credits Earned	Rater's/Scorer's Initials
Part I 1- 20	40		
Part II 21	2		
22	2		
23	2		
24	2		
25	2		
Part III 26	3		
27	3		
28	3		
29	3		
30	3		
Part IV 31	4		
32	4		
33	4		
34	4		
35	4		
	85		

**Maximum
Total**

**Total Raw
Score**

Checked by

Scaled Score

**Rater's/Scorer's Name
(minimum of three)**

Notes to raters . . .

- Each paper should be scored by a minimum of three raters.
- The table for converting the total raw score to the scaled score is provided in the scoring key for the examination.
- The scaled score is the student's final examination score.